

GUGURITAN

KLS VIII
SEMESTER 2



HARTI JEUNG ATURAN GUGURITAN

Guguritan téh karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Jadi mun nurutkeun wangunna, guguritan téh wangun ugeran teu bébas da ka uger ku patokan pupuh téa.

Aturan Pupuh

1. Dina pupuh aya nu disebut pada jeung padalisan (pada=bait, padalisan = baris)
2. Guru wilangan
Guru wilangan nyaéta jumlah engang (suku kata) dina tipa padalisan pupuh. Sedengkeun guru lagu nyaéta sora vokal dina tungtung kalimah.



PUPUH

- ❖ Nya éta karya sastra Sunda anu buhun jeung kauger ku aturan. Pupuh aslina téh mangrupa sastra Sunda anu katelah ngarana macapat.

Pupuh dibagi 2

Sekar
Ageung

Sekar Alit



Pupuh Sekar Ageung

Kinanti

Sinom

Asmarandana

Dangdanggula



Pupuh Sekar Alit

1. Balakbak

5. Gurisa

10. Pucung

9. Pangkur

2. Jurudemung

6. Ladrang

11. Maskumambang

3. Durma

8. Mijil

7. Lambang

4. Gambuh

13. Wirangrong

12. Magatru



Asmarandana

Watekna silih asih silih pikanyaah atawa mépélingan. Unggal Pada diwangun ku tujuh padalisan.

Balakbak

Watekna pikaseurieun. Unggal pada diwangun ku 3 padalisan.

Dangdanggula

Watekna bungah atawa agung. Unggal pada diwangun ku sapuluh padalisan.



Jurudemung

Badan nu katempuhan (8 - a)
da bongan ngalajur nafsu (8 - u)
peurihna kapanggih (6 - i)
rek bongan bongan ka saha (8 - a)
ayeuna bati kaduhung (8 - u)

Durma

Watekna heuras atawa siap rek
tarung. Unggal pada diwangun ku tujuh
padalisan.

Contona:

Mundur mapag balad Pandawa teu
tahan (12 - a)
barisan beuki ipis (7 - i)



Gambuh

Watekna bingung, samar polah atawa tambuh laku. Unggal Pada diwangun ku lima padalisan.
Contona:

Ngahuleng banget bingung (7 - u)
henteu terang ka mana ngajugjug (10 - u)
turug turug harita teh enggeus burit (12 - i)
panon poe geus rek surup (8 - u)
keueung sieun aya meong (8 - o)



Gurisa

**Watekna pangangguran, lulucon atawa tamba kesel. Unggal
Pada di wangun ku dalapan padalisan.**

Contona:

**Hayang teuing geura beurang (8 - a)
geus beurang rek ka Sumedang (8 - a)
nagih anu boga hutang (8 - a)
munmeunang rek meuli soang (8 - a)
tapi najan henteu meunang (8 - a)
teu rek buru buru mulang (8 - a)
rek tuluy guguru nembang (8 - a)
jeung diajar nabeuh gambang (8 - a)**



Kinanti

Watekna miharep atawa prihatin. Unggal Pada diwangun ku genep padalisan.

Contona:

Kembang ros ku matak lucu (8 - u)

nya alus rupa nya seungit (8 - i)

henteu aya papadana (8 - a)

ratuning kembang sajati (8 - i)

papaes di patamanan (8 - a)

seungit manis ngadalingding (8 - i)



Ladrang

**Watekna banyol atawa pikaseurieun. Unggal
Pada diwnagun ku opat padalisan.**

Contona:

Aki Dartam leumpangna ngagidig (10 - i)

gancang pisan, gancang pisan (8 - a)

bari aya nu dijingjing (8 - i)

mawa kisa eusina ucing anakan (12 - a)



Lambang

Watekna banyol atawa pikaseurieun. Unggal
Pada diwangun iu opat padalisan.

Contona:

Nawu kubang sisi tegal (8 - a)
nyair bogo meunang kadal (8 - a)
atuh teu payu dijual (8 - a)
rek didahar da teu halal (8 - a)



Magatru

**Watekna lulucon deukeut deukeut kana prihatin. Unggal
Pada diwangun ku lima padalisan.**

Contona:

Mun sumuhun ieu teh namina curuk (12 - u)

nu alit namina cingir (8 - i)

anu panjang mah jajangkung (8 - u)

gigireunana jariji (8 - i)

anu pangageungna jempol (8 - o)



Maskumambang

Watekna prihatin, sasambat atawa nalangsa. Unggal Pada diwangun kiu opat padalisan.

Contona:

Jalma kedul mumul ditambah jejerih (12 - i)
ulah ngarep senang (6 - a)
sabab mungguhing rejeki (8 - i)
tara datang teu disiar (8 - a)



Mijil

Watekna sedih, susah atawa cilaka. Unggal Pada diwangun ku genep padalisan

Contona:

Beurang peuting tambah cape ati (10 - i)

jeung tambah rampohpoy (6 - o)

wungkul inget ka kabogoh wae (10 - e)

mugi aya kadar panggih deui (10 - i)

mun teu panggih deui (6 - i)

anggur pondok umur (6 - u)



Pangkur

Watekna nafsu, lumampah atawa sadia rek
perang. Unggal Pada diwangun ku tujuh padalisan.
Contona:

Seja nyaba ngalalana (8 - a)
ngitung lembur ngajajah milang kori (12 - i)
henteu puguh nu dijugjug (8 - u)
balik paman sadaya (7 - a)
nu ti mana tiluan semu rarusuh (12 - u)
Lurah Begal ngawalonan (8 - a)
" Aing ngaran Jayapati " (8 - i)



Pucung

Watekna piwuruk, wawaran, atawa mepelingan. Unggal Pada diwangun ku opat padalisan.

Contona:

Estu untung nu bisa mupunjung indung (12 - u)
jeung nyenangkeun bapa (6 - a)
tanda yen bagjana gede (8 - e)
hirup mulus kaseundeuhan ku berekah (12 - a)



Sinom

Watekna gumbira. Unggal Pada diwangun ku salapan padalisan.

Contona:

Di wetan fajar balebat (8 - a)

panon poe arek bijil (8 - i)

sinarna ruhay burahay (8 - a)

kingkilaban beureum kuning (8 - i)

campur wungu saeutik (7 - i)

kaselapan semu biru (8 - u)

tanda Batara Surya (7 - a)

bade lumungsur ka bumi (8 - a)

murub mubyar langit sarwa hurung herang (12 - a)



Wirangrong

Watekna era atawa wirang. Unggal Pada diwangun ku genep padalisan.

Contona:

Jalma nu resep ngaluis (8 - i)

lumrahna resep ngaleos (8 - o)

ngan pacuan resep ngusut (8 - u)

komo mun resep ngarujit (8 - i)

teu aya batan basajan (8 - a)

sagala sigar tengahan (8 - a)



HATUR NUHUN MUGIA MANGPAAT



Yenie_iye

